

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung sumber data panalungtikan.

3.1 Métode Panalungtikan


Nurutkeun Ratna (2004, kc. 34) métode mangrupa cara-cara, stratégi pikeun maham hiji kanyataan, ngagunakeun léngkah-léngkah nu sistematis népi ka bisa matotoskeun pasualan. Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2014, kc. 203) nu ngébréhkeun yén métode panalungtikan mangrupa cara nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Salian ti éta Sugiyono (2016, kc. 2) ngébréhkeun yén métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data. Cindekna métode panalungtikan mangrupa salahsahiji cara pikeun meunangkeun data, ku cara ngagunakeun léngkah-léngkah nu sistematis.

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nyaéta salah sahiji ngumpulkeun métode dina data kana wangun analisis deskripsi (Ratna, 2004, kc. 46). Pamarekan kualitatif ngumpulkeun data-data dina kontéks kaayaan. Cara-cara éta dianggap multimétode ku sabab panalungtikan ngalibetkeun gejala sosial nu saluyu jeung panalungtikan.

Métode déskriptif analitik digunakeun dina ieu panalungtikan. Métode déskriptif analitik, mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun fakta ti na objék anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Dina ieu panalungtikan didéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang pikeun mikanyaho léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data sangkan bisa sistematis. Saluyu jeung Sukmadinata (2015, kc. 287) nu ngébréhkeun yén désain panalungtikan mangrupa rancangan kumaha panalungtikan éta dilaksanakeun. Cindekna, désain panalungtikan téh rancangan ti mimiti ngumpulkeun data, nepi ka nyusun laporan sangkan bisa sistematis. Ébrehan désain panalungtikan ditétélakeun dina wangun bagan.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

Aya dua téhnik dina nyangking data panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Pikeun nyangking data leuwih gampang bisa ngagunakeun dua téhnik nu geus disebutkeun.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 224) téknik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu paling stratégi dina panalungtikan, tujuanna pikeun ngumpulkeun data. Anapon téhnik panalungtikan anu digunakeun nyaéta studi pustaka. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data-data anu ditalungtik, nyaéta unsur intrinsik jeung analisis citra wanoja dina novel *Kabungbulengan*.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data hiji panalungtikan sangkan bisa miboga kacindekan. Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta téknik analisis unsur intrinsik jeung analisis citra wanoja.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun maluruh data panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikeun nyaéta tabél jeung kartu data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina instrumén ngumpulkeun data, sangkan leuwih babari nyaéta ngagunakeun kartu data. Kartu data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil tina analisis struktur carita dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman, citra wanoja anu ngawengku, citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di masarakat. Anapon kartu datana saperti di handap ieu.

Ieu di handap conto data struktur carita anu kapanggih dina novel *Kabungbulengan*.

Tabél 3. 1
Conto Kartu Data Latar

No	Struktur Carita	Cutatan	Kode
1	Latar Tempat	<i>“Kuring mah pangbetahna mun nampa klien di kamar pang tungtungna nu sok disebut kamar tosca”</i>	NK/SC/L1/7/4

Katerangan:

NK: Novel *Kabungbulengan*

SC: Struktur Carita

L1: Latar kahiji

7: Nuduhkeun data nu kapaluruh dina novel

4: Nuduhkeun pada dina novel

Ieu di handap conto data citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di masarakat anu kapanggih dina novel *Kabungbulengan*.

Tabél 3. 2
Conto Kartu Data Citra Wanoja

No	Palaku	Citra Wanoja	Cutatan	Kode
1	Antin	Citra Fisik Wanoja wanoja nu geulis pisan sanajan dangdanna basajan.	<i>“Barang gok, bener ceuk Tita, lain urang asing Ny. Joop Johanes Pléyte téh, tapi bangsa urang tur sabbéhan gé tamu geulis pisan sanajan dandana basajan jeung rada kusut”.</i>	NK/CW/CFW/9/3

Katerangan

Kode data: NK/CW/CFW/8

NK: Novel *Kabungbulengan*

CW: Citra Wanoja

CFW: Citra Fisik Wanoja

8: Nuduhkeun data nu kapaluruh dina novel

3: Nuduhkeun pada data dina novel

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, instrumén ngolah data nyaéta ngagunakeun kartu analisis data. Data-data nu baris dianalisis ngagunakeun kartu analisis data nyaéta struktur carita jeung citra wanoja dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman

3.4.2.1 Kartu Analisis Data Struktur Carita

Tabél 3. 3

Kartu Analisis Struktur Carita

<p>Kartu Analisis Data Struktur (Téma)</p>
<p>Kode Data: NK/SC/T/23/5 Struktur Carita: Tema (Pasualan Kulawarga) Cutatan Carita: <i>“Leres debat, Kang, antawis Antin sareng Papih perkawis prinsip. Papih tegas, Antin heuras bari néngtéréwélang, dugi mamih negor Antin saurna’Antin, dangukeun heula Papih sasauran’. Ari émut sok hanjakal, Kang”.</i> Analisis: Dumasar kana sababaraha kajadian jeung pasualan nu remen muncul dina carita, kapaluruh salah sahiji téma ngeunaan pasualan kulawarga. Contona aya dina cutatan di luhur, nu dimimitian ku ayana debat antara Antin jeung Papihna ngeunaan prinsip.</p>

Keterangan

NK: Novel *Kabungbulengan*

SC: Struktur Carita

T: Téma

23: Nuduhkeun kaca dina novel

5: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 4

Kartu Analisis Data Struktur Carita

<p>Kartu Analisis Data Struktur (Galur)</p>
<p>Kode Data: NK/SC/G/7-8/4 Struktur Carita: Galur (situation) Cutatan Carita: <i>“Kuring mah pangbetahna mun nampa klién di kamar pangtungtung nu sok disebut “kamar tosca”, sabab warna cét témbokna héjo kawas warna merek parfum tosca nu linduk tur mawa tingtrim. Sajaba ti warna témbokna linduk, ruang pangtungtungna mah jandélana aya dua raruba, nu hareup atra ka taman, ari jandela gigir awas ka taman Fakultas Hukum. Terus ka dituna ngemplong ka leuweung bubuahan jeung tatangkalan langka deukeut Gedung réktorat anu anu ngajengléng Anggun kira-kira dua kilometer anggangna ti Fakultas Psikologi. Di kamar tosca baris nampa Ny. Joop Johannes Pléyte téh.</i> Analisis:</p>

Dumasar kana cutatan di luhur, yén ieu carita dimimitian ku pangarang ngawanohkeun palaku anu jadi psikolog, jeung ngawanohkeun kayaan rohangan pikeun narima klién.

Keterangan

NK: Novel *kabungbulengan*

SC: Struktur Carita

G: Galur

7-8: Nuduhkeun kaca dina novel

4: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 5

Kartu Analisis Data Struktur Carita

<p>Kartu Analisis Data Struktur (tokoh/panokohan)</p>
<p>Kode Data: Struktur Carita: Cutatan Carita: Analisis:</p>
<p>Kartu Analisis Data Struktur (tokoh/panokohan)</p>
<p>Kode Data: NK/SC/TP/5/2 Struktur Carita: Tokoh/Panokohan Cutatan Carita: “Tita téh jalma tapis kana gawé, sagala urusan administrasi jeung keungan kacekel”. (5) Analisis: Dumasar kana sababaraha data anu kapanggih dina ieu carita, salah sahiji tokoh anu remen muncul téh nyaéta Tita Kepala Tata Usaha Klinik Terapan Psikolog, anu gawéna nyieun jadwal pikeun konsultasi klién. Katitén dina cutatan, Tita téh jalma anu tapis kana gawé. Tita kaasup kana tokoh utama jeung tokoh protagonis.</p>

Keterangan

NK: Novel *kabungbulengan*

SC: Struktur Carita

TP: Tokoh/Panokohan

5: Nuduhkeun kaca dina novel

2: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 6

Kartu Analisis data Struktur Carita

<p>Kartu Analisis Data Struktur (Latar)</p>
<p>Kode Data: NK/SC/L/11/4 Struktur Carita: Latar waktu (tilu taun ka pengker) Cutatan Carita: “Kang, Papih tos ngantunkeun tilu taun ka pengker”. Analisis: Dumasar kana data anu kapanggih aya latar waktu nu nuduhkeun <i>tilu taun ka</i></p>

pengker. Katititén pangarang ngagunakeun latar waktu anu faktual, kitu deui dina cutatan yén Papih Antin geus maot tilu taun ka tukang.

Keterangan

NK: Novel *Kabungbulengan*

SC: Struktur Carita

L: Latar

8: Nuduhkeun kaca dina buku

4: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 7

Kartu Analisis Data Struktur Carita

<p>Kartu Analisis Data Struktur (Puseur implengan)</p>
<p>Kode Data: NK/SC/PI/11/2 Struktur Carita: Puseur implengan (Ich-Erzählung) Cutatan Carita: <i>“Sanajan kitu kuring meunang gambaran saeutik ngeunaan Antin jeung kulawargana. Horéng Antin téh namatkeun kuliahna di jurusan antropologi lain di luar negri tapi di Unpad.</i> Analisis: Dumasar kana data anu kapanggih dina ieu carita, puseur implengan anu dipaké ku pangarang nyaéta ngagunakeun jalma kahiji. Hartina pangarang nyaritakeung prosés tokoh din aunggal carita. Contona dina cutatan diluhur, pangarang ngagunakeun kecap kuring pikeun nyaritakeun hiji kajadian.</p>

Keterangan

NK: Novel *Kabungbulengan*

SC: Struktur Carita

PI: Puseur Implengan

11: Nuduhkeun kaca dina novel

2: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 8

Kartu Analisis Data Struktur Carita

<p>Kartu Analisis Data Struktur (Gaya Basa)</p>
<p>Kode Data: NK/SC/GB/10/1 Struktur Carita: Gaya Basa (Rarahulan) Cutatan Carita: <i>“Mun ditoél pipina bari diélég, tuh damisna ogé aya undur-undur ngaliang sok terus nutupan pipi ku dampal leungeun duanana bari ngarengihik keuheul” teu aya teu aya, teu aya undur-unduran” cenah”. (10)</i> Analaisis: <i>“Damisna ogé aya undur-undur ngaliang”</i>. Dina kalimah ieu Handi ka inget-inget Antin pas leutik anu miboga damis nu aya jiga liang undur-undur. Ku kituna katitén yén dina ieu novel aya struktur carita nyaéta gaya basa rarahulan.</p>

Keterangan

NK: Novel *Kabungbulengan*

SC: Struktur Carita
 GB: Gaya Basa
 10: Nuduhkeun kaca dina novel
 1: Nuduhkeun pada dina novel

3.4.2.2 Kartu Analisis Citra Wanoja

Ieu di handap kartu analisis data citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di masarakat.

Tabél 3. 9

Kartu Analisis Citra Fisik Wanoja

<p>Kartu Analisis Data Citra Wanoja (Citra Fisik Wanoja)</p> <p>Kode data: NK/CW/CFW/9/3 Ngaran Palaku: Ny. Joop Johannes Pléyte/Antin Cutatan : <i>“Ny. Joop Johannes Pléyte tamu nu geulis pisan sanajan dangdanana sarwa basajan jeung rada ngusu”.</i> Analisis: Dumasar kana gambaran fisik nu aya dina cutatan, katitén yén Antin salaku tokoh utama ngagambarkeun wanoja nu geulis. Ku kituna dina novel <i>Kabungbulengan</i> aya salah sahiji aspék citra wanoja, nyaéta citra fisik wanoja anu nuduhkeun wanoja nu geulis.</p>

Keterangan

NK: Novel *Kabungbulengan*
 CW: Citra wanoja
 CFW: Citra fisik wanoja
 9: Nuduhkeun kaca dina novel
 3: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 10

Kartu Analisis Data Citra Psikis Wanoja

<p>Kartu Analisis Data Citra Wanoja (Citra Psikis Wanoja)</p> <p>Kode data: NK/CW/CPW/8/4 Ngaran Palaku: Ny. Joop Johannes Pléyte/Antin Cutatan : Wanoja nu élit jeung cerdas <i>“Kawangwang saheulaanan jénglengan ibu-ibu ngora, élit, cerdas, lulusna gé tepat waktu”.</i> Analisis: Dumasar kana gambaran psikis nu aya dina cutatan, katitén yén Antin salaku tokoh utama ngagambarkeun wanoja nu élit jeung cerdas. Ku kituna dina novel <i>Kabungbulengan</i> aya salah sahiji aspék citra wanoja, nyaéta citra psikis wanoja anu nuduhkeun wanoja nu élit jeung cerdas.</p>

Keterangan

NK: Novel *Kabungbulengan*
 CW: Citra wanoja

- CPW: Citra Psikis wanoja
 8: Nuduhkeun kaca dina novel
 4: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 11

Kartu Analisis Data Citra Wanoja di Kulawarga

<p>Kartu Analisis Data Citra Wanoja (Citra Wanoja di Kulawarga)</p> <p>Kode data: NK/CW/CWK/22/1 Ngaran Palaku: Ny. Joop Johannes Pléyte/Antin Cutatan : Wanoja anu tanggung jawab <i>“Konsultasi nu kagenep mah Antin teu datang. Ka Tita neleponna mah majar rék jajap Ibuna ka Bandung</i> Analisis: Dumasar kana gambaran citra wanoja di kulawarga nu aya dina cutatan, katitén yén Antin salaku tokoh utama ngagambarkeun wanoja nu tanggung jawab ka kulawarga, Antin tanggung jawab ka nu jadi ibuna. Ku kituna dina novel <i>Kabungbulengan</i> aya salah sahiji aspék citra wanoja, nyaéta citta wanoja di kulawarrga anu nuduhkeun wanoja nu tanggung jawab.</p>
--

Katerangan

- NK: Novel *Kabungbulengan*
 CW: Citra wanoja
 CWK: Citra fisik wanoja
 22: Nuduhkeun kaca dina novel
 1: Nuduhkeun pada dina novel

Tabél 3. 12

Kartu Analisis Data Citra Wanoja di Masarakat

<p>Kartu Analisis Data Citra Wanoja (Citra Wanoja di Masarakat)</p> <p>Kode data: NK/CW//CWM/31/2 Ngaran Palaku: Tita Cutatan : Wanoja nu maliré kana lingkungan sabudeureunna <i>“Atuh mun keur rapat aya deadlock tur suasana rada rengkeng kawas dua minggu katukang Tita ngoléséd sanggeus méré isarah ka pingpinan rapat ménta idin rék kaluar heula. Teu lila asup deui diiringkeun ku dua pramusaji kantin nanggeuy baki eusina rupa-rupa inuman. Kayungyun téh apal deuih karesep masing-maksih peserta rapat”.</i> Analisis: Dumasar kana gambaran citra wanoja di masarakat nu aya dina cutatan, katitén yén Tita salaku tokoh utama ngagambarkeun wanoja nu maliré kana lingkungan sabudeureunna, Tita mikanyaho kaayaan suasana dina hiji kajdain. Ku kituna dina novel <i>Kabungbulengan</i> aya salah sahiji aspék citra wanoja, nyaéta citta wanoja di masarakat anu nuduhkeun wanoja nu maliré kana lingkungan sabudeureunna.</p>
--

Katerangan

- NK: Novel *Kabungbulengan*
 CW: Citra wanoja

CWM: Citra fisik wanoja

31: Nuduhkeun kaca dina novel

2: Nuduhkeun pada dina novel

3.5 Data jeung Sumber Panalungtikan

3.5.1 Data Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan data nu dikumpulkeun sageblengna nyaéta unsur intrinsik jeung citra wanoja dina novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman. Data anu dipedar ogé ngawengku struktur carita (téma, galur, panokohan jeung watek, puseur implengan, latar, jeung gaya basa), ogé citra wanoja (citra fisik, citra psikis, citra wanoja di kulawarga, jeung citra wanoja di masarakat).

3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan nyaéta subjék anu digunakeun panalungtik sangkan nyangking data (Arikunto, 2014, kc. 172). Sumber utama dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Kabungbulengan* karya H.D. Bastaman, tuluy dideudeulan ku buku, jurnal jeung artikel.

3.5.2.1 Idéntitas Buku

- 1) Jejer: *Kabungbulengan*
- 2) Pangarang: H.D. Bastaman
- 3) Medal: Taun 2013
- 4) Penerbit: Pustaka Jaya
- 5) Kandel kaca: 167 Kaca



Gambar 3. 1
Jilid Buku *Kabungbulengan*

Kabungbulengan nyaritakeun hiji wanoja anu pinter tur geulis Antin ngaranna, tapi dina ngajalankeun kahirupan rumah tanggana, ngalaman kajadian anu matak manéhna kudu indit ka psikolog. Manéhna indit lantaran geus teu kuat ku kaayaan salakina anu midua. Manéhna indit ka psikolog téh dumasar kana saran indungna sangkan pasualan anu karandapan dina rumah tanggana bérés.

Poé kahiji manggihan psikologna, anu teu disangka-sangka nyaéta sobat lanceukna jaman SMA nyaéta Handi, anu geus lila teu panggih. Sanggeus kitu wanoja éta acan loba carita ngeunaan naon pasualan anu karandapan ayeuna, ku sabab masih kénéh kagok.

Satuluyna ti poé ka poé Antin geus bisa nyarita ka Handi ngeunaan pasualan nu karandapanna. Antin geus ngarasa yén Handi téh bisa matotoskeun pasualanna, tapi lila kalilaan Antin jeung Handi miboga rasa anu béda, lain rasa pasien ka psikolog ogé sabalikna. Malah ahirna duanana bruk-brak ngébréhkeun rasa asih nu ditutupan. Robahna empati jadi simpati, rasa lanceuk ka nu jadi adi robah ku rasa.nyaah nu teu bisa digambarkeun.

Rasa anu sabenerna ulah aya ku sabab bakal nimbulkeun prahara kulawarga sarta mamala pikeun karir jeung kahormatan. Duanana sapuk mareuman rasa nu salah larap, nanjeurkeun nalar, mageuhan profesional jeung nguatan simpay kulawarga séwang-séwangan. Henteu aya nu nyaho pasualan rasa antara Antin jeung Handi, duanana nutupan sangkan henteu nimbulkeun pasualan lian.

3.5.2.2 Biografi Singget H.D. Bastaman

Hanan Djumhana Bastaman, lahir di Padahérang (Kabupatén Pangandaran kiwari). Anjeunna putra bungsu ti salapan sadulur. Anjeunna ti bubudak resep lalajo wayang, nepi ka kungsi boga cita-cita jadi dalang. Salian ti éta, karesepna kana ngahariring jeung tulas tulis. Anjeunna mimiti nyuprih pangarti di Sakola Rakyat di Padahérang nepi ka kelas 3, tuluy pindah ka SR Percobaan jalan Sabang, Bandung nepi ka lulus. H.D. Bastaman kuliah sarjana nepi ka doktoralna ditamatkeun di Fakultas Psikologi Universitas Indonesia. Buku nu medal tur jadi bahan référénsi salila anjeunna gawé di Universitas Indonesia nyaéta *Integrasi Psikologi dengan Islam* (1995), karya nu medal dina basa Sunda diantara aya *Sura seuri Sunda* (2004), *Béntang Tembang* (2011), *Kabungbulengan* (2013), *Ceu*

Nonoy Putra Ua Banagara (2016), *Absurd* (2018), *Nganjang ka Pagéto* (2019) (Bastaman, 2018, kc. 108).



Gambar 3.2
Gambar Pangarang